Injiil bi ngir Xale yi
Kii di ko xamlé

Fu tiisu nit
tambale

Ki ko bind: Edward Hughes

Ku def illustration bi: Byron Unger; Lazarus

Ki def adaptation bi: M. Maillot; Tammy S.

Ki ko tekki: Christian Lingua

Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

©2019 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

YÀLLA MOO SAKK LEPP! Ba Yàlla sakke nit ku njëkk ki, Adaama, ci Toolup Àjjana la nekkoon ak soxnaam, Awa.

Beggoon nañu loon di deggël Yàlla té nekk ci téwaayam ba benn bës ...

Jaan bi laaj
Awa ne ko:
"ndax Yàlla
def lenn wax
ngeen bañ a
lekk ci doomu
bepp garab?"

Awa tontu ne ko: "Mën nañu lekk bepp doomu garab waayé doomu benn garab rek la ñu teere lekk."

Suñu lekke walla suñu laale sax doomu garab gi, dina ñu dee." Jaan gi tontu ne ko: "doo leen dee."

"Dingeen mel ni Yàlla boo leen lekke ci doomu garab gi." Awa bëggoon na lekk ci doomu garab gi. Mu degglu jaan bi lekk doomu garab gi.

Ba Awa dëddoo ndigalu Yàlla mu jox Adaama mu lekk ci doomu garab gi itam. Adaama mënoon na wax, "Deedeet! Du ma dëddu

ndigalu Yàlla."

Ba Adaama ak

Awa bàkkaare, ca la ñu xame ni yaramu neen lañu defoon. Ñu jël ay xobu fiig ngir nëb seen yaram ñu dem nëbëtu ci ganaaw ñax yi ngir Yàlla bañ leena gis.

Ba ker gi sedde ci ngoon si Yàlla ñëw ci tool gi. Xamoon na lu Adaama ak Awa defoon. Adaama tuumël Awa. Awa tuumël jaan bi. Yàlla ne, "Jaan gi alku na. Jigéen bi dina am ay métit buy wësin."

"Adaama, ndaxte danga bàkkaar, suuf si dina la meññalal ay xaa-xam ak i dagg, doo lekk te beyoo, saw ñaq ngay dunde."

Yàlla dàq Adaama ak Awa
ñu genn tool gu rafeet gi.
Ndax dañoo bàkkaar,
noonu ñu takkëlekoog
Yàlla mii di
joxé dund!

Yàlla defar jaasi
juy lakke
ngir tere leen ñu duggaat ci biir tool gi. Yàlla defaral Adaama aka Awa ay yeeré der. Fan la Yàlla jëlé der yi?

Ci ap diir, Adaama ak Awa am ay doom. Ku ñëkk juddu, Kayin, baykat la woon. Seen ñaareelu doom Abel, moom sammkat la woon.

Been bës Kayin indil Yàlla lu mu sàkke ci mbayam jébbël ko ko. Abel indi xar yu gëna baax yu jògge ci géttëm jébbël ko Yàlla. Mayeb Abel nag Yàlla nangu woon na ko.

Waaye Yàlla nanguwul woon mayeb Kayin. Loolu waaral Kayin mer lool. Wante Yàlla ne, "Boo defe lu baax, xanaa dees na la nangul?"

Merub Kayin deñulwoon. Ba waral mu sóng Abel-rey ko! Ci tool bi.

Yàlla wax ak Kayin ne ko: "Fan la sa rak Abel nekk?" Kayin fén ne ko: "Xamu ma ko". "Xanaa ma waara sàmm sama rakk?" Yàlla dindi kattanu bey bu mu joxoon Kayin

def ko mu nekk ab waxamane.

Kayin sori teewayu Boroom bi. Mu sey ak doomu Adaama ak Awa bu jigéen.

Noonu ñu am ay doom. Ci diir bu gaat, sëttu Kayin yi ak ay sëtti sëttëm féesal dëkk bu mu sancoon.

Ci diir boobu itam, ñjabootu Adaama ak Awa yooku ci diir bu gaaw. Ci bës yooya nit yi dañu doon dund lu yaag lu wuuteg tey

Ba doomam Set juddoo,
Awa ne, "Yàlla jox na ma
Set ngir wuutu Abel."

Set nekkoon na ap góoru yàlla mu dund 912 at ba am ay doom yu bëri.

Nit yi di gën di bon ni askaan yi di toppëlantée. Ba tax Yàlla tan yakk xeetu nit ki te ...

... mala yi yëpp ak picc yi. Yàlla rëccu li mu sàkkewoon nit. Wante kenn ci ñoom neex ko ...

Nit kooku moo nekkoon Nóoyin.
Sëttu Set, Nóoyin nekkoon
na ku jub ku kenn dul
tuumël. Mu
topp Yàlla.

Mu jàngal ñeeti doomam yu góor yi itam nu ñu waara toppe Yàlla. Leegui Yàlla tan jëffëndiko Nóoyin ci fan bu yeeme te wuute!

Fu tiisu nit tambale

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi,
Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Ñjàlbéen ga 3-6

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf
ñuy wax ci suñu Yàlla bu yeeme
bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal
lii Yàlla: Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla,
nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay
bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la
koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma
samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu
bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba
faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima
ngir ma mën la déggël té di dund
ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla
bës bu nekk! Yowaana 3:16